ISSN 2010-720X

# ILIM HA'M JA'MIYET




# FAN VA JAMIYAT

2015 (№2)

10. Самойлович А.Н. Материалы по Среднеазиатско турецкой литературе. / Записки Восточного отделения императорского русского археологического общества. Том. 19. -С.Петербург, 1910. -С. 1-31.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ эпосларининг чет элларда ўрганилишининг баъзи масалалари уларнинг дастлабки даврларда ўрганилиши мисолида кенг таҳлил қилиниб, бунда Ч.Валиханов, Г.Вамберилarнинг бу йўналишда олиб борган кузатишларига алоҳида ўрин берилади. Шу асосда мазкур олимлар қорақалпоқ эпосларини биринчи ўрганувчилар сифатида уни чет мамлакатларга таништиришда катта роль ўйнади, деган илмий хулосага келинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы периодизации развития каракалпакского эпоса в странах ближнего и дальнего зарубежья. Отмечается вклад зарубежных учёных Ш.Валиханова, Г.Вамбери в представлении каракалпакского эпоса в других странах.

**SUMMARY**

The article deals with the description of the periods of the development of Karakalpak epos in foreign countries. The author of the article emphasizes the conribution of foreign scholars Sh.Valikhanov, G.Vamberi in introducing Karakalpak epos to other countries.

# ЖАСЛАРҒА ЭСТЕТИКАЛЫҚ ТӘРБИЯ БЕРИЎДЕ ХАЛЫҚ ӨНЕРМЕНТШИЛИК ТҮРЛЕРИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ

**М.Аманбаев** – *үлкен оқытыўшы*

**К.Алламуратов** - *мийнет тәлими қәнигелигиниң 3-курс студенти*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** эстетик тарбия, халк хунармандчилиги, каштачилик касби, бош кийими, ўймакорлик, арча, заргарлик, ҳайкал, арабак, сирға.

**Ключевые слова:** эстетическое воспитание, народное ремесло, вышивание, саукеле, резьба, сабаяк (большой деревянный ящик для хранения припасов и посуды), сундук, ювелирное дело, хайкел, аребек, серьги.

**Key words:** aesthetic education, people's handicraft, embroidery, saukele (smart women's cap in the skape of cone), cutting, sabayak (a large wooden box for food and dish), chest, jewelry work, khaikel, arebek, earings.

Эстетикалық тәрбия ерте дәўирлерден басланып, хәр бир халықтың турмыс тәжирийбеси тийкарында байып отырған. Эстетикалық тәрбия жасларға тәрбия бериўде бирден-бир әхмийетли қурал болып есапланады. Өнер гөззаллықтың барлық сырларын ашып бериўи мүмкин.

Гөззаллық сырларын үйретиў арқалы жасларда басқа тараў оқытыўшысы мәселен, халық өнерментшилиги, қол өнери бере алмаған нәрсени қәлиплестириў мүмкин. Шынында да, жасларды эстетикалық хәм руўхый жақтан раўажландырыўда өнерментшилик түрлериниң мүмкиншилиги кен.

Жаслардың минез-қулқына тәсир ете отырып, оларға эстетикалық жақтан канаатланыў хәм исеним пайда етеди. Өсип киятырған жас әўладқа өз дәўирине сай тәрбия бериў мәселеси илим хәм техниканың мисли көрилмеген дәрежеде раўажланып атырған бүгинги дәўирде дүньяның бәрше халықларының билимлендириў тараўының ең актуаль мәселелериниң бири болып қалмақта. Бул әлбетте, инсаният тиришилиги хәм социаллық турмысының, дерлик, барлық дәўирлерин өзине қамтыўы менен тиккелей байланыслы. Ол инсанның тиришилик хәрекетиниң ойлаў, пикир жүритиў, дөретиўшилик, сезиў сыяқлы өзине тән қәбилетлерине терен кирип бара алыўшылық қәсийетине ийе. Сонлықтан, оның барлық дәўирлерде тәрбияның ең тийкарғы түри сыпатында сақланып қалыўы, оны қәлиплестириўдиң нәтийжесинде жүзеге келген.

Эстетикалық тәрбияның нәтийжели болыўы ушын педагог ең алды менен оқыўшының усы дәўирге дейин мектеп, лицей хәм шаңарақта, сондай-ақ оны қоршаған жәмийетлик орталықта алған эстетикалық билим дәрежесин билип алыўы зәрүр. Буның ушын ол хәр бир оқыўшы, сондай-ақ, пүткил топар менен сәўбетлесиў методы арқалы зәрүр мағлыўматты алыў мүмкин.

Қарақалпақ миллий искусствосы, яғный көркем-өнер дөретиўшилиги хәм оның түрлери бизге белгили хәм белгили болмаған узақ тарийхый өтмишинен бүгинги күнине дейинги турмыс тәжирийбесиниң руўхый хәм материаллық жемиси есапланады. Оларда ата-бабаларымыздың көп әсирлик арзыў-әрманлары, кеўил хошлығы, ойпикирлери, гөззаллыққа умтылыўлары сондай-ақ олардың келешек әўладты тәрбиялаўдағы үрп-әдет, дәстүрлери өз көринисин тапқан. Бул «руўхый хәм материаллық мәдeният» деп аталыўшы миллий қәдириятлар ғәзийнеси келешек әўладты тәрбиялаўда бийбаҳа педагогикалық қурал есапланып. миллеттин тарийхый хәм социаллық турмысының барлық дәўирлеринде өз актуальлығын жоймайды.

Халық аўызеки әдебияты, миллий музыка, көркем искусство жасларға эстетикалық тәрбия бериўде тийкарғы қураллардан есапланады. Олардың хәр бири улыўма тәрбия процесинде белгили бир ўазыйпаны атқарады хәм усы хызмети арқалы оқыўшының эстетикалық билим базасын толықтырып барады.

**Кестешилик өнери.** Қарақалпақ хаял-қызларының мереке жыйынларда кийетуғын кийимлери, турмыста қолланылатуғын буйымлары кестелер менен безелген. Бул кесте тигиў өнери, халық шеберлигиниң әжайып үлгилериниң бири есапланады.

Кестелеў өнери ескиден киятырған халық дөретпелериниң бири. Кестени биз, тебен, ийне менен тиккен. Онда хәр түрли жипек сабақлардан пайдаланған хәм бул барлық халықларға ортақ усыл болған.

Кестешиликтиң айырым үлгилери өз мазмунын жойытпай, гөнермей, қайта оларға жаңа заманға сай үлгилерде түс берип байытып отырған. Хаял-қызлар арзыў-әрманларын өз қолынан дөреткен, кестелеринде сәўлелендириўге хәрекет еткен. Кестелер хәр түрдеги жипек сабақлар менен кийимниң жағаларына, жеңиниң ушларына, қалтаның аўызларына, көйлеклердиң жағасына хәм етеклерине тигилген. Қызкелиншеклеримиз өзлериниң келешекке болған әрманларын кестеде көрсетиўге хәрекет еткен. Олардың кестелери өзиниң сулыў, шырайлы хәм көркемлилиги менен ажыралып турған. Шебердиң мийнетиниң соншелли нәзиклигин хәм кестедеги сабақлардың жупкерлесип келиўин, түйиннин билинбеўинен де көрсек болады [3:19].

Хәр дәўирге байланыслы қарақалпақ халқы өзи байланыс жасаған еллеринен материаллар алып келип, оларды өз кийимлеринде пайдаланып отырған. Қыз-келиншеклеримиздиң басларына ораған мәдели, түрме, айдыллылары усы дәўирден қолланыла баслаған.

Кестелеў өнери тек хаял-қызларымыздың кийимлеринде ғана емес, балалардың тақыяларында, гүрте, гүртешелеринде, ер адамлардың шекпенлериниң жағасында, жеңлеринде, белбеўлеринде, сондай-ақ үй буйымлары, аттың жипек жоналарында, айылларында, көзликлеринде де сәўлеленип, шебер қыз-келиншеклеримиздиң қолларының изи қалған [3:20].

Халқымыздың көркем қол өнериниң раўажланыўы нәтийжесинде нағыслардың түрлериниң көбейиўине хәр бир нағыстың көркемлилик көриниси, исленген заттың ықшам хәм сулыў болыўына себепши болған. Олар нағысты тәбиятқа байланыстырып барған. Мәселен, өсимликлерге, ҳайўанатларға, жанлы мақлуқларға, аспан көрки болған жулдызларға усатып, нағыслардың атамаларын солардың аты менен атап келген. Мысалы: «Қошқар мүйиз», «Токалақ мүйиз», «Жарты гүл», «Кустырнақ», «Кус қанат», «Ғазмойын», «Қумырысқа бел», «Шақмақы», «Қурбақа гүл», «Солақ» хәм тағы басқа атамалар менен атағанын айтыўға болады.

«Қошқар мүйиз»де биз күнделикли турмысымызда көрип жүрген қошқар мүйизлериниң нағыз өзин көремиз. Ал, «Жарты гүл»де биз гүлдиң ғумшасының бир тәрепин, яғный толық емес, бирақ толық тийкарында жарты гүлди тәбият жаратылысында қалай көрсек, бул нағысты да солай көремиз. Демек, кестешилер тек ғана ийнеге сабақ өткерип,

дус келген жерден тигип кете бермей, ал геометриялык усыллардан пайдаланып, арифметикалык есап пенен өлшеп, дәлликти бир қәлиптен шыққандай тегис, әжайып фонда тиккен [3:24].

**Ойыўөнери.** Бул өнер өзиниң өзгешеликлерине ийе. Еле жазыў сызыўды билмеген әййемги заманлардан-ақ, адамлар өз ойын тасқа, сүйекке, ағашқа ойып салған. Ҳәзирги қол өнер искусствомыздағы «ағашқа нағыс ойыў» деген атамалар сол кәсип ийелериниң шеберлери тәрепинен жүдә ерте заманлардан-ақ қәлиплескен. Тарийхый дереклерге нәзер тасласақ, Орта Азия халықларының жүдә ерте заманлардан-ақ өзине тән мәденияты ҳәм ойыў өнери болғанлығы белгили. Өнермент усталарымыз халықтың кеўлиндеги арзыўәрманларын нағыслар арқалы келешек әўладларға мийрас етип қалдырған. Олар көбинесе дуўтар, сандық, сабаяқ, ергенек ҳәм пышақлардың сабына нағысты ойып пайдаланғанын көремиз.

*Сабаяқ* - үстине жүк жыйнаў ушын соғылған төрт туяқлы үй мүлки. Оның алды жағы кесе ҳәм тик ағашлар менен шабақшаланады. Ал гей бир сабаяқлардың алды жағы нағыслы таяқлар менен қапланған, арт жағы ашық болады. Сабаяқ үйдиң қазан-табақ тәрепине жақын қойылады.

*Сандық* - негизи архитектуралық курылысы сабаяққа уқсап, төрт тулғадан, туяқтан, кесе жақлаўдан ҳәм тик шабақшалардан турады, еки қапталы, арты, төбеси ултаны тақтайлар менен беккем жабылған, бет жағында кесесине үш көзден келетуғын, бир ямаса еки қатар нағыс ойылған болады.

Сандықтың үстине қаршын, дастық, көрпе-төсек жыйналады. Сонлықтан да, бетин үлкен етип көрсетиў мақсетинде көркемлик керек болған. Оның ушын усталар төменги жағын кеңирек етип ислеген.

Безетилген нағыслар көбинесе ақ талдан исленген. Себеби, ол жумсақ ҳәм жеңил. Оннан басқа қаратал, тут ағашының ағы, қарасы, қарағай қолланылған. Бул ағашларды безеўге таярлаўдың хәр түрли жоллары бар, қайнатыў, кептириў, көмип қойыў. Тақтайдың бети нағыс оймастан бурын жоса менен, кейнинен жылқының ямаса қарамалдың баўыры менен қоңыр, қызыл реңге боялған. Ўақыттың өтиўи менен бояў қараўытып, ал нағыстың дөгереги ағарып реңлердиң үйғынласыўын күшейткен. Жоса қызыл реңли топырақ, оларды таярлаў усылы хәр түрли болған.

Нағыстың көп түри териден исленген үлги бойынша таярланған. Тахтаның бетине шанышқы ямаса пышақтың ушы менен сызып шығады, ойыў ушын еки жүзли пышақтың ушы, қырғы, қашаў, пышақ қолланылған. Үлги ешкиниң ийленген терисинен исленген. Ойыў өнери хәр түрли метод ҳәм қураллар менен исленеди. Кестелеў, тоқыў өнерин тек ҳаял қызларымыз ислейтуғын болса, ойыў ер адамларға ғана тән кәсип болған [1:9].

**Зергерлик.** Зергерлик дүньядағы ески кәсиплердиң бири. Оның әлўан түрли ойма нағысларын алтын ҳәм гүмисте соншелли нәзик, ақылға сыймайтуғын дәрежеде көзге илгисиз бөртиклеринен, гүл-ғумшалары сырғыған жемислерди көз алдыңа келтиреди. Бирақ, буған итибар берип қарамасаң оларды көре алмайсаң. Зергерлердиң илгир зейинли, қыялының кеңлигин халық дәстанларында, шайырларымыздың йошлы қосықларында келтиргениниң гүўасы боламыз.

Атақлы шеберлер өзлериниң ойыў өнеринен әжайып үлгилерди ядтан ислеп, өзлери ойлап тапқан. Ал ислеген хәр бир затына жаңа мәни бериў қәбилетине ийе болған. Халық бундай адамларды «Қолы гүл», «ойыўшы» деп атаған.

Қарақалпақ ҳаял-қызларының безениў буйымлары, зергерлердиң бас кәсиби болған. Бул безениў буйымларын тағыў мүмкиншилигине қарап төмендегише бөлип көрсетиўге болады:

1. Бас әшекейлери - әребек, сырға;
2. Көкирек әшекейлери – ҳәйкел, өңир моншақ, гилт салғыш, тумар, баҳа түйме, илгек ҳәм т.б;
3. Қол әшекейлери – жүзик, билезик.

Қарақалпақ зергерлери өз қолларынан шыққан безениў буйымларын бир-биринен өзгеше етип ислеген.

Зергерлик өнериниң биринши топарына әребек ҳәм сырғалар жатады. Әребек мурынға тағатуғын сырға, ол гүмис сымнан исленген дөңгелек болып, қыз-келиншеклер оны мурнының оң жағындағы арнаўлы тесилген тесиги арқалы керип тағады. Әребектиң түри көп болған.

Кулаққа тағатуғын сырға ҳаял-қызлардың жасына қарап бир неше түрлерге бөлинеди. Қызлар тағатуғын сырға – қалқаплы сырға, ҳаяллар ушын, бүршикли сырға, шыйратпалы сырға дәстүр болған [2,3].

Ҳаял-қызлардың көкирекке тағатуғын зергерлик буйымларының хәр қайсысының келбети, орны бар, оларды тағыў ўақты ҳаял-қызлардың жасларына байланыслы болған.

*Ҳәйкел* – қарақалпақ зергерлериниң әжайып дөретпелериниң бири болып, халық тилинде өмирликке тағатуғын зергерлик буйымы болыўы менен бирге, естелик-скульптура дегенди аңлатады.

Ҳаял-қызлардың безениў затларының және бир түри бул қолға тағылатуғын зергерлик буйымлары билезик, жүзик. Билезик дүньядағы ең көп тарқалған жүдә ески зергерлик буйым. Соның ишинде, қарақалпақ билезиклериниң бир неше түрлери болып, олар баслы еки түрге бөлинеди. Биринши қаслы билезик, ол қыз-келиншеклер ушын, ал қуйма билезик жасы қырықтан өткен ҳаяллар ушын арналған.

Қарақалпақ зергерлери тәрепинен олар жасаған орталықтағы тәбият көринислери, усы ана ўатан тәбиятты жаратқан гөззаллықтан сабақ алып дөреткен бул нағыслардың хәр бириниң өзине тән тарийхы бар. Олар хәр бир дөретиўшиниң гөззаллықты аңлаў дәрежесин көз бенен көриўге, қол менен услаўға болатуғын дәлийли есапланады [1].

Ата-бабаларымыз узақ өтмиштен-ақ өзлериниң күнделикли турмыста қолланатуғын буйымларды, кийим-кеншеклерин айрықша күнт пенен ислеп оларды хәр қандай жоқары сезимлерге, адамды ҳайран қалдыратуғын нағыслар ҳәм реңлер менен безеўди өзлерине үрдис етип келген.

Хәр бир буйымға арналған өз алдына нағыслары болған. Ең жоқары сыпаттағы материаллардан исленип, олар бул буйымлардың инсанға узақ жыллар даўамында хызмет етиўин тәмийинлеген болса, ондағы безеклер пайдаланыўшыларға эстетикалық заўық бағышлап келген.

Халқымыз арасынан шыққан әжайып өнерментшилер, уста педагогларды еслеп оқыў орынларында кешелер шөлкемлестириў, олар туўралы кеңнен мағлыўматлар берип барыў, оқыўшыларды халық әмелий өнериниң үлгилерин қәстерлеп, көздиң қарашығындай саклаўға ҳәм олардың жолын тутыўға ийтермелейди.

**Әдебиятлар**


1. Алламуратов А. Мәнги мийрас – Нөкис: «Билим», 1993.
2. Алламуратов А. Қарақалпақстан искусствосының тарийхынан – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968.
3. Камалова Г. Гөззал үлке – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ миллий ҳунармандчилиги ва унинг ёшлар тарбиясидаги роли ҳақида сўз қилинади. Халк ҳунармандчилиги ҳисобланган каштачилик, ўймакорлик, заргарлик ҳунарлари бўйича сўзлар келтирилган. Ёш авлодга тарбия беришда халқ ҳунармандчилигининг аҳамияти сўз қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о роли каракалпакского национального ремесленничества в воспитании молодёжи. Приводятся примеры по таким видам народного ремесленничества как вышивание, резьба, ювелирное мастерство. Отмечается значение народного ремесленничества в эстетическом воспитании молодёжи.

**SUMMARY**

The article deals with the role of Karakalpak national handicraft in the education of the youth. There are examples in such kinds of people's handicraft as embroidery, cutting and jewelry work. The authors emphasize the importance of people's handicraft in the aesthetic education of the youth.

## MAZMUNI'

### BAS MAQALA

**Пренов Б.Б** Қәдириятларды кәдирлеў-мукаддес миннет........................................................ 3

### TA'LİMNİN' TEORİYALI'Q TİYKARLARI'

*Ja'miyetlik ilimler*

**Абдуллаева Я., Юлдашева Ш.** Сайлов жараёнида демократик тамойилларнинг устуворлиги ҳақида..................... 5
**Хожалепесов П., Ажиниязов Б., Зинатдинов Д.** Воспроизводительные особенности и жизнеспособности овец серой окраски........................................................................ 6

**Ta'biyiy ha'm texnikali'q ilimler**

**Балтабаев М.Т., Ражабова С.К.** Лимон өсимлигиниң биоморфологиялық өзгешеликлери......................... 8
**Djumabaev N., Mamutova G.SH.** Joqari' da'rejeli ten'lemelerdi sheshiw usi'llari'................................. 9
**Ешмуратов Ш.А., Худайбергенов К.К., Комеков М.Ш.** Метод линейных оболочек при решении задач распознавания изображений........................................................................ 12
**Турманов И., Ибадуллаева И.** Токымашылық материалларынтаныў пәни менен механиканың байланысы........... 14
**Утеулиев Н.У., Хожамуратова А.** Об одной математической модели оптимального использования природных факторов при планировании АПК........................................................ 15

**Til bilimi ha'm a'debiyattani'w**

**Абдиназимов Ш.Н.** Қарақалпак тилинде пәт жоқ па?........................................................ 17
**Ешниязова Э.Н.** Илимий фантастика жанрының өзгешеликлери.................................................. 19
**Казахбаев С.С.** XX әсирдиң ақыры XX! әсирдиң басындағы каракалпак балалар поэзиясында косық курылысы.... 21
**Кошанов К.М.** Вопросы современной каракалпакской ономастики.............................................. 22
**Қурамбоева Г.К.** Маънавий кадриятлар талқинидаги ўзига хослик (Г.Матёкубова достонлари мисолида)........... 24
**Патуллаева Г.** Қарақалпак тилиндеги нағыс атамаларының морфологиялык курылысы............................ 26
**Пазылов А.К., Арзимова Х.** Қарақалпақ әдебиятында «Айралык» психологиясының сәўлелениўи.................. 27
**Рзаева Р.К,. Усенова Г.А., Ешимбетова Н.М.** Лингвокультурологические аспекты концепта «Мать» «ана» (на материале произведений каракалпакского поэта И.Юсупова).................................................. 29
**Seytjanov J., Ismaylova A.** Practical use of new pedagogical technologies in the process of learning.................. 31
**Шаниязов Б.Ж., Садуллаева А.Н.** Глагольные фразеологизмы с морфологическим окружением в каракалпакском и английском языках........................................................................ 32

### BILIMLENDIRIW, ILIM HA'M INNOVACIYA

**Адилов П., Ташимов Н., Есбоғанова Б.** Муҳандислик графикасини автоматик чизиш дастурларидан фойдаланиб ўқитишда дидактик муаммоларни ечиш йўллари........................................................ 34
**Алеўова Р.** Мектепке шекемги билимлендириў мәкемелеринде тәбиятты үйрениў мәселелери............................ 35
**Берданова П.** Колледж оқыўшыларын кәсипке бағдарлаўдың педагогикалык машкалалары............................ 37
**Фармонов О.А.** О технологии разработки нового уровневого компьютерного учебного справочника-Нукус............ 39
**Файзиев М.А.** Табиий фанлар йўналишида «информатика ва ахборот технологиялари» фанидан «дастурлаш тили» мавзусини интеграциялашган усулда ўқитиш........................................................ 41
**Қасымов М., Жаңабергенова А.** MS Excel дәстүри жәрдеминде теңлемелер системасын шешиўдиң методикасы.... 43
**Кудярова Т., Муминова Н.** Тарийх пәнин оқытыўда этнографиялык материаллардан пайдаланыў методикасы....... 44
**Тлеумбетова К.** Мектепке таярлық диагностикасы........................................................ 45
**Уразимова Т.В.** Билимлендириўдиң мазмунын хәзирги заманға сәйкес түсиниўде көркем- өнердиң роли........... 47

### JA'S ALI'MLAR MINBERI

**Абдурахимов Қ.А.** Айтиб туришларнинг тафаккур жараёнига таъсири ва роли............................................ 50
**Абылова Г.Ж.** Эффективность использования нотного редактора Sibelius в музыкальном образовании.................. 53
**Алламбергенова Г.К., Кеңесбаева Ш.К.** Қарақалпак эпосларының сырт еллерде үйренилиўиниң базыбир мәселелери (дәслепки дәўирлерине бир нәзер)........................................................ 54
**Аманбаев М., Алламуратов К.** Жасларға эстетикалык тәрбия бериўде халык өнерментшилик түрлериниң әхмийети........................................................................ 57
**Ахмедова Н.Ш.** Мактабгача таълим муассасалари ва бошланғич синфларда чет тили дарсларининг интенсификацияси жараёнининг узлуксизлиги........................................................ 59
**Даўлетмуратова Э., Жумамуратова Г., Азизова Т.** Илғор педагогик тажриба ҳақида.............................. 60
**Djabbarova O.A.** Usage of cooperative learning methods........................................................ 62
**Елмуратова А.У.** Шахснинг меҳнат фаолияти ва касб танлашдаги психик жараёнлари, индивидуал-психологик хусусиятлари........................................................................ 63
**Хожанов Ш.Б.** Қарақалпақ тилинде компонентлери антонимлик қатнастағы жуп сөзлер............................ 65
**Khojametova G.,** ***Almanova B.*** Translation as the basis of integrated study skills.................................... 67
**Хуррамов И.А., Тошпўлатов Б.У.** Экологик компетентликни шакллантиришда кейс-технологияси.................... 68
**Хужаниязов У.Е.** Таълим соҳасидаги ислоҳотлар – янгиланаётган жамият тақозоси.............................. 70
**Каипов Н.** Сүўретлеў өнери тәлиминде оқыў искерлигин баскарыў тийкарлары...................................... 72
**Койшекенова Т.К., Джуманиязова Н.** Киши жастағы окыўшыларға англичан тилин үйретиўде музыка хәм косықлардың орны........................................................................ 74
**Қаршиев Н.Т** Аслий сифатли термин элементлар........................................................ 75
**Қалжанов П.У.** Данышпанлар дене тәрбиясының әхмийети ҳаққында................................................ 77
**Мамбетова И.Ж.** Инглис тилинде предлоглар хәм олардың каракалпак тилиндеги эквивалентлери ҳаққында улыўма сыпатлама........................................................................ 79
**Мирзабдуллаева Д.** Шахснинг ички зиддияти конструктив ёки деструктив хулкнинг детерминанти сифатида........... 81
**Рузметова М.** Умумтаълим мактаби ўкувчиларига инглиз тилини ўқитиш мазмунининг лингводидактик таркиби... 82
**Sabirova Sh.A** Talabalarni axloqiy-estetik tarbiyalash texnologiyasi, shakli va usullari.................................. 85
**Seytjanov J., Tadjimova Sh.**Using authentic materials in classroom........................................................ 86
**Тўхтаходжаев Х.Б.** Основы реализации принципа индивидуализации в физическом воспитании студентов......... 88

### ILIMIY BAYLANI'SLAR

### *INTERNET:BIR ALI'MNAN EKI PIKIR*

**Қулбек Ергөбек Сәрсен улы** Инсан бийкарға жасамайды... «Сиз бизиң бәримиз ушын кәдирли алымсыз!...»......... 90

### ILIM HA'M MA'DEMIYATI'MI'Z G'AYRATKERI

**Терехина А.** Пусть каждый найдет счастливую звезду!........................................................ 93
**Алламбергенов К., Утебаев Т.Т.** Педагогика тарийхын изертлеўде орны бар алым.................................. 94